



Kesyon Yo Poze Souvan

Èske vaksen an san danje e efikas?

Aprè Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) a fin otorize oswa apwouve yon vaksen kont COVID-19, gen plizyè sistèm siveyans sekirite pou vaksen ke yo mete anplas pou swiv si pa gen efè endezirab (efè segondè ki posib). Siveyans kontini sa a kapab ede yo detekte efè endezirab ke yo pa t petèt obsève pandan esè klinik yo. Si yo vin obsève yon efè endezirab ke yo pa t atann, ekspè yo etidye l avèk plis atansyon byen rapid pou yo wè si l se yon pwoblèm sante toutbonvre. Apresa, ekspè yo decide si gen chanjman ki dwe fèt nan rekòmandasyon sou vaksen nan peyi Etazini an.

Nan Eta New York, yo te tabli yon nivo egzamen siplemantè pou asire sekirite vaksen kont COVID la. Aprè apwobasyon Administrasyon Aliman ak Medikaman an, ekspè ki fè pati [Gwoup Travay Konsiltatif Klinik endepandan pou vaksen kont COVID-19 nan Eta New York la](#) egzamine ak anpil atansyon rechèch ki fèt sou vaksen yo avan yo rekòmande kèlkeswa vaksen an bay rezidan New York yo. Depi 18 desanm 2020, gen de vaksen kont COVID-19 ke Administrasyon Aliman ak Medikaman an ansanm ak Gwoup Travay Konsiltatif Klinik endepandan Eta New York la apwouve aktyèlman: vaksen Pfizer/BioNTech ansanm ak vaksen Moderna a.

Èske vaksen an ap ban m COVID?

Non. Pa gen okenn nan vaksen y ap etidye yo ki fèt ak materyèl ki ka lakoz maladi a. Pa egzannp, premye vaksen ke FDA apwouve a itilize yon ti pati ki pa nwizib ki soti nan materyèl jenetik viris la ki rele 'mRNA'. Se pa viris la li ye. Vaksen mRNA yo montre kò w kreye yon seri pwoteyin viral. Sistèm iminitè w devlope yon seri antikò kont pwoteyin sa yo, sa ki pral ede w konbat viris ki lakoz COVID-19 la si w te ekspoze ak li. Yo rele sa yon repons iminitè.

Èske vaksen an ap fè m malad?

Ou ka pa remake okenn chanjman ki fèt nan fason w santi w apre w fin pran piki a. Men li posib tou pou w santi w yon ti jan "pa anfòm." Sa kapab rive lè w pran nenpòt vaksen. Se repons iminitè kò a manifeste lè w resevwa yon vaksen epi sa se yon siy ke vaksen an kòmanse fonksyone.

Aprè w fin pran vaksen kont COVID-19 la, li posib pou gen:

- Yon doulè nan bra kote w pran piki a
- Yon maltèt
- Frison
- Lafyèw
- Fatig

Medikaman yo vann san preskripsyon pou soulaje doulè ak medikaman pou bese lafyèw yo kapab ede w.

Ou ta dwe fè mye nan youn oswa de jou. Si w pa santi w byen toujou nan de oswa twa jou, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la.

Èske m ka gen yon reyaksyon alèjik apre m fin pran vaksen kont COVID-19 la?

Moun ka gen reyaksyon alèjik ak nenpòt medikaman oswa pwodui biyolojik, tankou yon vaksen. Pifò reyaksyon alèjik yo prezante touswit apre yo fin administre yon vaksen, se rezon sa a ki fè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou yo



obsève moun ki gen istorik anafilaksi yo (kèlkeswa sa ki ta lakoz li) pandan 30 minit apre yo fin pran vaksen an, tandiske yo dwe obsève tout lòt moun yo pandan 15 minit apre yo fin pran vaksen an. Tout sit vaksinasyon yo dwe gen ekipman pou yo asire yo gen tretman medikal apwopriye ki disponib si toutfwà kèk moun ta vin gen reyaksyon alèjik, byenke sa pa pwobab. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a rekòmande tout moun ki gen alèji ak "nenpòt konpozan" ki nan vaksen an pou yo pa pran vaksen an.

Èske vaksen yo san danje pou timoun ak fanm ansent yo?

Se pou yo fè etid pou teste vaksen an sou gwoup sa yo. Jiskaprezan, pa gen okenn etid klinik Faz 3 ki fèt sou vaksen kont COVID-19 yo ki gen ladan yo timoun ki gen pi piti pase laj 12 lane, epi done ki disponib sou fanm ansent yo limite.

Èske vaksen kont COVID-19 yo gen engredyan ki soti nan animal ladan yo?

Non. Pwosesis fabrikasyon vaksen Moderna ak Pfizer BioNTech COVID-19 yo pa gen okenn selil ladan yo epi toude vaksen yo pa gen pwodui, prezèvatif oswa adjouvan ki soti nan moun oswa nan animal epi yo pa itilize okenn engredyan ki soti nan moun oswa nan animal.

Pou pran yon vaksen, èske w dwe gen yon tès COVID davans ki negatif?

Non. [CDC a pa rekòmande](#) pou fè tès depistaj COVID-19 avan pou pran yon vaksen kont COVID-19.

Si m te gen COVID-19 deja epi m geri, èske mwen dwe pran vaksen an kanmèm?

Wi. CDC a rekòmande pou pran vaksen an menm si w te gen COVID-19 deja, paske w ka trape l plizyè fwa. Byenke li posib pou gen yon sèten pwoteksyon antikò akoutèm apre w fin geri anba maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire.

Èske li san danje pou m pran yon vaksen kont COVID-19 si m gen yon pwoblèm medikal ki egziste deja?

Wi. Vaksen kont COVID-19 la enpòtan sitou pou moun ki gen pwoblèm sante ki egziste deja yo, pa egzanp maladi kè, maladi nan poumon, dyabèt ak obezite. Moun ki gen pwoblèm sante sa yo gen plis chans pou yo tonbe malad grav anba maladi COVID-19 la. Tanpri, konsilte pwofesyonèl swen sante w la si w gen kèk kesyon byen presi sou vaksen kont COVID-19 la ak sou sante w.

Èske li pi bon pou jwenn iminite natirèl pou COVID-19 olye de iminite apati yon vaksen?

Non. Byenke li posib pou gen yon sèten pwoteksyon antikò akoutèm apre w fin geri anba maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire. Pran vaksen se meyè fason pou pwoteje tèt ou epi li san danje. Moun ki trape COVID-19 yo ka malad byen grav, epi gen kèk ki gen sentòm ki afebli yo e ki pèsiste pandan plizyè mwa.

Èske vaksen an ap lakoz efè segondè?

Yo poko rapòte okenn efè segondè grav ki gen rapò ak vaksen an. Efè segondè komen ke yo obsève nan etid klinik yo se fatig, doule miskilè nan pati kote yo bay piki a ak lafyèw.

Kijan yo fè devlope vaksen an byen rapid konsa?

Gen plizyè faktè ki konbine ki pèmèt yo devlope vaksen kont COVID-19 la byen rapid e san danje:



| |
|--|
| <ul style="list-style-type: none">• Chèchè yo te deja kòmanse devlope yon vaksen paske viris ki lakoz COVID-19 la similè ak lòt viris ki egziste yo. |
| <ul style="list-style-type: none">• Yo te pataje rechèch ki fèt sou nouvo viris la prèske touswit avèk syantifik toupato nan mond lan, sa ki te pèmèt yo kòmanse travay touswit sou yon vaksen. |
| <ul style="list-style-type: none">• Gen kèk chèchè ki te rive mennen faz 1 ak 2 esè anmenmtan. |
| <ul style="list-style-type: none">• Etid ki fèt sou COVID-19 yo te enkli yon pi gwo kantite moun pase lòt esè vaksen resan yo, pi gwo kantite moun pandan yon peryòd tan ki pi kout. |
| <ul style="list-style-type: none">• Gouvènman federal la te otorize yo kòmanse fabrike vaksen ki te pi pwomèt yo tout pandan etid yo te ankou. Sa vle di depi yo fin apwouve l, yo kapab ofri l bay piblik la prèske imedyatman. |
| <p>Li enpòtan pou sonje ke tout konpayi ki devlope vaksen yo dwe pase pa chak etap nan pwosesis devlopman an epi yo dwe satisfè tout nòm sekirite ak efikasite (nan ki nivo yon bagay ap byen fonksyone) yo. Jwenn plis enfòmasyon sou divès etap nan pwosesis tipik tès ak apwobasyon vaksen an.</p> |
| <p>Kiyès ki te patisipe nan esè klinik yo?</p> |
| <p>Esè klinik ki fèt sou toude vaksen yo ke FDA a te otorize yo itilize nan ka dijans te enkli plizyè milye fanm ak gason ki reprezante plizyè tranch laj diferan ki soti nan divès orijin rasyal ak orijin etnik epi ki gen pwoblèm sante nan nivo diferan.</p> |
| <p>W ap jwenn repatisyon demografik sou patisipan esè klinik yo la a:</p> |
| <ul style="list-style-type: none">• Vaksen Moderna• Vaksen Pfizer |
| <p>Èske nan esè klinik yo, yo te pran moun ki gen komòbidite ki gen ladan, dyabèt ak tansyon wo?</p> |
| <p>Wi. Esè klinik pou toude vaksen yo te enkli patisipan yo te idantifye kòm moun ki gen omwen yon pwoblèm sante ki mete yo plis arisk pou yo gen konplikasyon COVID-19 ki grav anpil yo tankou:</p> |
| <ul style="list-style-type: none">• Maladi kwonik nan poumon (pa egzanp anfizèm oswa bwonchit kwonik, fibwoz pilmonè idyopatik ak fibwoz kistik) oswa opresyon ki modere ak opresyon ki grav anpil.• Maladi kè ki grav (pa egzanp ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, maladi kè konjenital, kadyomyopati ak tansyon wo nan poumon)• Obezite (endis mas kòporèl ≥ 30 kg/m²)• Dyabèt (Tip 1, Tip 2 oswa jestasyonèl)• Maladi fwa• Enfeksyon Viris Iminodefisyans Imen (VIH) lakoz (ki pa enkli nan evalyasyon pou efikasite a) |
| <p>Si m pran yon vaksen kont COVID-19, èske se pou mwen mete yon mask ak kenbe distans sosyal la toujou?</p> |
| <p>Wi. W ap gen pou toujou mete yon mask, kontinye kenbe distans sosyal la ak bonjan pratik ijyèn pou men w pou avni nou kapab prevwa pandan y ap deplwaye vaksen an nan divès faz yo.</p> |
| <p>Ekspè yo bezwen plis tan pou yo konprann pwoteksyon vaksen kont COVID-19 yo founi yo avan yo deside modifiye rekòmandasyon ki fèt sou itilizasyon mask yo. Lòt faktè yo, ki enkli ki kantite moun ki pran vaksen an ak kijan viris la ap pwopaje nan kominote yo, pral afekte desizyon sa a tou.</p> |



Ki moun k ap pran vaksen an anpremye?

Eta New York la pral distribye vaksen kont COVID-19 la pa etap selon bezwen ak risk yo. Rezidan New York ki gen plis chans pou yo ekspoze ak viris la, epi ki gen plis chans pou yo tonbe malad byen grav si yo trape maladi COVID-19 la, se yo menm y ap ofri vaksen an anpremye. Toude ni gouvènman federal la ni Eta New York la te devlope yon seri plan pou asire ke tout moun kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 osito gen bonjan kantite ki disponib, gratis e kèlkeswa kote yo abite.

Premye rezidan New York k ap resevwa vaksen an nan kad Faz 1 an se ap travayè lopital ki gen gwo risk yo (travayè sal dijans, anplwaye Inite Swen Entansif (ICU) ansanm ak anplwaye Depatman Pilmonè (Pulmonary Department) yo), moun ki abite nan mezon retrèt yo, anplwaye mezon retrèt yo, apres a tout rezidan ak anplwaye ki nan swen alontèm ak swen kolektif yo, travayè nan Sèvis Medikal Dijans (EMS), lòt travayè swen sante yo, medsen lejis yo ansanm ak medsen ki egzamine kadav yo.

Èske pral gen plis pase yon vaksen ki disponib?

Wi. Nan moman n ap pale la a, gen de vaksen ke FDA otorize, epi yo prevwa plis vaksen toujou.

Depi 9 desanm 2020, gen kat vaksen ki te kòmanse esè klinik Faz 3 yo nan peyi Etazini.

Yo fè esè Faz 3 yo avèk bonjan kantite moun pou yo detèmine si yon vaksen san danje e ak nan ki nivo li efikas.

Èske m ap gen pou m pran plis pase yon piki?

Tout vaksen kont COVID-19 yo, sof youn, ki aktyèlman nan Faz 3 esè klinik yo nan peyi Etazini yo mande de doz pou yo efikas.

Èske vaksen an gratis?

Wi. Tout vaksen kont COVID-19 yo ap disponib gratis.

Kisa ki nan vaksen kont COVID-19 la?

Engredyan ki nan **vaksen kont COVID-19 Pfizer a** nan lis ki [nan paj 25 la a](#).

Engredyan ki nan **vaksen kont COVID-19 Moderna a** nan lis ki [nan paj 2 la a](#).

Konbyen tan iminite vaksen an ap dire?

Chèchè yo poko konnen konbyen tan iminite a ap dire apre vaksen an. Se rezon sa ki fè li toujou enpòtan pou kontinye pratike prevansyon yo pa egzanp mete yon mask, lave men w regilyèman epi kenbe distans sosyal.

M te tande pale de “iminite kolektif.” Kisa yo ta dwe fè pou yo pèmèt popilasyon an atenn “iminite kolektif la” kont maladi COVID-19 la?

‘Iminite kolektif’ rive lè gen ase moun ki gen pwoteksyon kont yon maladi kote gen mwens chans pou maladi a kontinye pwopaje. Akozdesa viris la p ap pwopaje fasilman nan kominote a. Ekspè yo pa konnen ki pousantaj moun ki ta dwe pran vaksen pou yo rive atenn iminite kolektif kont COVID-19 la. Epitou, yo pa konnen pandan konbyen tan vaksen an pral pwoteje moun yo.



Si w kite maladi COVID-19 la pwopaje atravè kominote yo natirèlman, sa ap lakoz enfeksyon, soufrans ak lanmò ki pa nesesè.

Èske y ap egzije m pran yon vaksen?

Eta New York pa egzije moun pran vaksen kont COVID-19 la.